



*Inisyativ “Verizon Innovative Learning Schools (VILS)”  
(Lekòl Aprantisaj Inovatif Verizon)*

**AKÒ PATISIPASYON UTILIZATÈ FINAL POU ELÈV KI MINÈ**

“MINOR STUDENT END USER PARTICIPATION AGREEMENT” (AKÒ PATISIPASYON UTILIZATÈ FINAL POU ELÈV KI MINÈ) (Akò sa a), ki efektif, kòmanse nan dat li egzekite anba a (“Dat Efektif”), se **National Center for Research in Advanced Information and Digital Technologies d/b/a Digital Promise (“Digital Promise”)** ak \_\_\_\_\_ (paran oubyen gadyen (“Paran/Gadyen”) elèv minè ki ap patisipe nan pwogram Digital Promise la (“Elèv Patisipan an”), nou dwe idantifye kòm “End User” “Itilizatè Final” oubyen “ou menm” oubyen “Ou” yo idantifye kolektivman nan dokiman sa a kòm “Patisipan” yo ki antre nan Akò sa a e se ant yo menm Akò a fèt.

**Siyati ou vle di, ou rekonèt e ou dakò avèk sa ki ap suiv yo:**

**OBJEKTIF**

Elèv ki ap patisipe a ap resevwa yon aparèy sanfil ak sèvis done gratis pou fasilite patisipasyon li nan pwogram **Digital Promise** la. Se Verizon Wireless ki bay Digital Promise aparèy sanfil ak sèvis la e se Digital Promise ki bay Elèv ki Ap Patisipe nou idantifye anba a tèm ak kondisyon Akò sa a. Verizon Wireless ka mete fen ak Akò sa a nenpòt lè pou nenpòt rezon. Tèm Akò sa a dwe kòmanse apati dat egzekisyon Paran/Gadyen antre nan Akò a jiskaske Elèv ki Ap Patisipe a pa yon patisipan aktif ankò nan pwogram nan.

**APARÈY SANFIL AK SÈVIS**

Aparèy sanfil la fèt sèlman pou Elèv ki Ap patisipe a itilize, e sèlman nan objektif pwogram nan, e yo pa ka vann oubyen transfere li bay okenn lòt moun oubyen antite. Verizon Wireless ap ofri sèvis vwa ak done sèlman pou fasilite patisipasyon nan pwogram nan; sepandan, si Elèv ki Ap Patisipe a fè yon itilizasyon ki egzajere, apèl/mesaj tèks entènasyonal avèk aparèy sanfil la, difize jwèt, oubyen difize odyo ak videyo ki pa gen rapò avèk pwogram nan, yo ka limite sèvis la, redui vitès li oubyen anile li san avètisman. Nan fen patisipasyon Elèv ki Ap Patisipe nan pwogram nan, Verizon Wireless ap kanpe sèvis sanfil aparèy la e ou dakò pou w remèt aparèy la bay Moun ki Ap Dirije pwogram nan nan Distri a.

**TRETMAN ENFÒMASYON KI ASOSYE AVÈK UTILIZASYON APARÈY LA AK SÈVIS**

Enfòmasyon konsènan fason Elèv ki Ap patisipe a itilize aparèy sanfil ak sèvis la, ki gen ladan, men ki pa limite ak, detay sou lè li te itilize sèvis done yo oubyen fè apèl e ak ki moun li te pale, se enfòmasyon Digital Promise, kòm kliyan ki ap anrejistre aparèy la ak sèvis la. Pakonsekan, yo ka gen aksè ak enfòmasyon sa a e pataje li avèk Digital Promise, ansanm ak patisipan Digital Promise otorize, tankou ‘Verizon Global Corporate Citizenship Organization’ (“VGCCO”).

**ECHÈK E/OUBYEN ENTÈRIPSYON SÈVIS**

Cellco Partnership d/b/a Verizon Wireless (“Verizon Wireless”) oubyen vandè ak founisè li yo pa dwe gen okenn responsablite pou pèt, reklamasyon oubyen domaj Itilizatè Final la sibi pou kèlkeswa koz la, tankou koz dirèk, endirèk, espesyal, konsekitif, domaj triple oubyen pinitif, oubyen pou limitasyon sèvis, ki gen ladan men ki pa limite ak, nenpòt echèk oubyen entèripsyon sèvis yo vin ofri apre, kèlkeswa fòm aksyon an, kontra oubyen responsablite oubyen otreman. Limitasyon sa a gen pèt, domaj, reklamasyon oubyen nenpòt kalite depans ki se rezilta itilizasyon oubyen tantativ itilizasyon sèvis, enkapasite pou jwenn aksè ak sipò vital oubyen kontwòle sistèm oubyen aparèy yo, 911 oubyen E911 oubyen lòt apèl oubyen sèvis ijans. Yo pa dwe konsidere ou kòm yon tyès pèsòn ki ap benefisye kontra ant Digital Promise ak Verizon Wireless.



**Inisyativ “Verizon Innovative Learning Schools (VILS)”  
(Lekòl Aprantisaj Inovatif Verizon)**

**ABITRAJ**

**UTILIZATÈ FINAL LA DAKÒ, NAN TOUT DIMANSYON SA LALWA OFRI:**  
(i) NENPÒT LITIJ OUBYEN REKLAMASYON KI SOTI NAN AKÒ SA A OUBYEN KI GEN RAPÒ AVÈK LI, OUBYEN NENPÒT APARÈY OUBYEN SÈVIS YO OFRI ANBA AKÒ SA A OUBYEN AN KONEKSYON AVÈK LI, SE ATRAVÈ YON MEDYASYON ENDEPANDAN KI AP REGLE LI, KI ENPLIKE YON MEDYATÈ ENPASYAL E SE ‘AMERICAN ARBITRATION ASSOCIATION (“AAA”) KI AP ADMINISTRE LI ANBA RÈG ‘WIRELESS INDUSTRY ARBITRATION (“WIA”), JAN AKÒ SA A MODIFYE LI. RÈG WIA AK ENFÒMASYON SOU FRÈ YO DISPONIB NAN AAA SOU [www.adr.org](http://www.adr.org). **YON ABITRAJ SE PA YON PWOSEDI NAN TRIBINAL. RÈG ABITRAJ YO DIFERAN DE RÈG TRIBINAL. PA GEN JIJ OUBYEN JIRI NAN YON PWOSEDI ABITRAJ. ATIK SOU ABITRAJ SA A DWE APLIKE POU KÈLKESWA REKLAMASYON UTILIZATÈ FINAL LA KA CHÈCHE FÈ KONT BENEFISYÈ A OUBYEN VERIZON WIRELESS E POU NENPÒT REKLAMASYON BENEFISYÈ A OUBYEN VERIZON WIRELESS KA CHÈCHE FÈ KONT UTILIZATÈ FINAL LA. VERIZON WIRELESS SE YON TYÈS PESON KI AP BENEFISYE AKÒ SA A POU OBJEKTIF SA A.**

(ii) Iwa Federal sou Abitraj la aplike pou Akò sa a. **MENMSI LWA FEDERAL KI APLIKAB YO PÈMÈT AKSYON LEGAL KOLEKTIF OUBYEN ABITRAJ KOLEKTIF, UTILIZATÈ FINAL LA RETIRE TOUT DWA LI GENYEN POU L FÈ YON POUSUIT SOU BAZ KOLEKTIF POU NENPÒT LITIJ OUBYEN REKLAMASYON KONT DIGITAL PROMISE OUBYEN VERIZON WIRELESS, OUBYEN NENPÒT KONPAYI KI ASOSYE AK YO OUBYEN KI TE LA AVAN YO E KI GEN ENTERÈ AVÈK YO.** Si gen plizyè reklamasyon ki fèt nan yon aksyon, kote kèk nan yo pa prale nan abitraj, reklamasyon pou abitraj la dwe rete jiskaske reklamasyon nan aksyon sa a ki sijè pou ale nan abitraj la fin rezoud. Si yo fè reklamasyon kont plizyè patisipan, e gen kèk ki pa oblije fè abitraj, reklamasyon ki sijè pou abitraj la dwe elimine; Sepandan, Itilizatè Final la konsève dwa li genyen pou l pote plent devan nenpòt ajans oubyen komisyon ki la pou fè kontwòl.

(iii) Okenn medyatè pa gen otorite pou l bay yon soulajman ki depase sa Akò a pèmèt li bay, oubyen pou l mande yon abitraj kolektif, eksepte nan ka kote yon medyatè ki ap deside sou yon reklamasyon ki se rezilta yon akò ki te la avan oubyen ki gen rapò avè l ka ofri menm kantite soulajman an sou yon baz ki pa kolektif menm jan akò ki te fèt avan an t ap pèmèt li. Nan tout abitraj, medyatè a dwe itilize peryòd limitasyon yo e li dwe deside si yon sityasyon ka ale nan abitraj ou non. Nan yon Ka abitraj ki Gwo/Konplèks, medyatè yo dwe aplike Lwa Evidans Federal yo e patisipan ki pèdi a kapab mande pou yon panèl ki gen (3) medyatè revize desizyon an.

<b>Paran oubyen Gadyen:</b>	<b>Digital Promise:</b>
Siyen La a:	Siyen La a:
Enprime Non ou:	Enprime Non ou: Kathryn Petrillo-Smith
Adrès:	Adrès: 1001 Connecticut Ave NW, #935 Washington, DC 20036
Dat:	Dat:
Non elèv ki ap patisipe a:	

**Non Elèv la:** \_\_\_\_\_ **Non Paran/Gadyen an:** \_\_\_\_\_



# Lekòl Leta Miami-Dade County

## Inisyativ “Verizon Innovative Learning Schools (VILS)” (Lekòl Aprantisaj Inovatif Verizon)



Sa pou Paran/Gadyen ak Elèv la Tcheke

Silvoulè mete inisyale ou nan chak liy ki anba a pou konfime ou konprann e ou dakò:

### Inisyale

P/G	S	Mwen konprann mwen bezwen kontwòl fason m ap itilize done yo pou yo pa depase 5 'GB' pa mwa e mwen pa dwe difize odyo oubyen videyo eksepte sa ki gen rapò ak pwogram nan, e mwen pa dwe difize jwèt.
P/G	S	Mwen dakò pou m pa telechaje okenn aplikasyon sou kredi oubyen ki mande pou m peye eksepte sa lekòl mwen an ban mwen.
P/G	S	Mwen dakò pou m pa itilize Entènèt pèsònèl entegre ki sou aparèy la oubyen pèmèt kèlkeswa sa moun nan itilize Entènèt pèsònèl entegre ki sou aparèy la.
P/G	S	Mwen dakò pou m pa retire okenn pati (sètadi 'SIM chip') oubyen pwogram nan aparèy la amwenske Verizon otorize mwen.
P/G	S	Mwen dakò pou m itilize aparèy yo ba mwen an sèlman nan limit 50 eta ki nan Etazini yo.
P/G	S	Si aparèy sanfil yo ban mwen an domaje, pèdi oubyen si yo vòlè li, mwen dakò pou m rapòte sa imedyatman bay Moun ki Responsab pwogram nan nan Distri a.
P/G	S	Mwen konprann mwen ka itilize aparèy la sèlman pou fasilite patisipasyon mwen nan pwogram nan, e mwen pa dwe vann oubyen transfere aparèy la bay okenn tyès pèsòn oubyen pèmèt okenn tyès pèsòn itilize aparèy sanfil la pou objektif ki diferan de sa ki gen rapò ak pwogram nan.
P/G	S	Mwen konprann Digital Promise, Verizon Wireless oubyen VGCCO ka sispann oubyen kanpe sèvis la nenpòt lè, san avètisman.
P/G	S	Mwen dakò pou m montre m janti e pou m pwoteje tèt mwen nan kèlkeswa entèraksyon m ap fè avèk lòt moun e pou m pran swen aparèy yo ban mwen an.

Mwen konprann si mwen vyole nenpòt nan tèm sa yo, yo ka mande mwen pou m remèt aparèy sanfil yo ban mwen an bay Direktè lekòl la ki ap remèt li bay Moun ki Responsab pwogram nan nan Distri a. .

\_\_\_\_\_  
Paran/Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Elèv

\_\_\_\_\_  
Dat